



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO RESOUS POU EDE TRAVAYÈ YO KI GEN REKLAMASYON POU DEDOMAJMAN TRAVAYÈ COVID-19 ALONTÈM

Komisyon Dedomajman Travayè Eta New York la lanse seri wèbinè gratis ak pajwèb pou edike travayè yo sou dwa yo epi pral ede depoze reklamasyon

Dat limit pou depoze a ap apwoche pou sila yo ki te enfekte nan kòmansman pandemi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York ap ofri opòtinite edikatif nouvo, sou entènèt pou ede travayè yo ki kwè yo te pran COVID-19 akòz yon ekspozisyon nan travay, espesyalman sila yo ki soufri sentòm kontinyèl alontèm. Yon nouvo seri wèbinè - ki ofri atravè Komisyon Dedomajman Travayè Eta New York la - pral bay enfòmasyon sou dwa travayè yo lè sa gen pou wè ak depoze reklamasyon dedomajman travayè epi lajan ak/oswa avantaj medikal yo ka kalifye pou resevwa.

"Sa gen prèske de ane depi premye ka COVID-19 la te konfime nan Eta nou an epi anpil Nouyòkè ki travay di toujou gen sentòm COVID-19 alontèm ki afekte negativman sante, byennèt ak kapasite yo pou ede tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sila yo ki soufri efè dirab viris terib sa a merite konprann dwa yo epi gen aksè ak asistans pou depoze reklamasyon pou dedomajman travayè. Nan lanse nouvo resous sou entènèt sa yo, nou kapab asire sila yo ki te gen pou travay malgre risk la kapab sekirize tretman medikal adekwa ak benefis salè yo pèdi ke yo merite".

Sila yo ki gen yon blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay gen de ane apati dat yo te vin blese oswa malad la pou depoze yon reklamasyon pou dedomajman travayè, kidonk dat limit lan ap apwoche pou travayè yo ki te pran COVID-19 akòz travay yo nan kòmansman pandemi an. Depoze yon reklamasyon se yon bagay enpòtan akòz benefis dedomajman travayè yo nan yon reklamasyon ki etabli gen ladan swen medikal alontèm pou tretman blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay. Menm travayè ki te gen yon bon rezilta apre COVID-19 kapab depoze yon reklamasyon pou pwoteje dwa alavni pou benefis medikal sa yo, si yo ta bezwen sa. Travayè yo ta dwe konnen pandan se pa tout reklamasyon yo y ap aksepte, pa gen okenn risk oswa danje pou yo depoze yon reklamasyon, menm si yo ta refize li.

- [23 fevriye 2022: Midi - 1 p.m.](#)

- [9 mas 2022: Midi - 1 p.m.](#)
- [13 avril 2022: Midi - 1 p.m.](#)

Wèbinè sa yo gratis epi ouvri pou piblik la. Patisipan yo pa bezwen enskri davans epi kapab antre nan sesyon yo atravè lyen yo anwo a, sa ki pral aksesib tou atravè pajwèb COVID-19 devwe Komisyon an nan wcb.ny.gov/covid-19.

Prezidan Komisyon Dedomajman Travayè Eta New York la, Clarissa M.

Rodriguez, te deklare, "Nou menm, nan Komisyon an, fyè pou nou ede Nouyòkè ki travay di yo ki merite chak benefis yo gen dwa ak yo pandan y ap rekipere anba konplikasyon COVID-19 ki gen rapò ak travay epi k ap fè fas ak efè alontèm. Nou vle asire tout moun konnen dwa yo pou yo ka resesvwa benefis salè yo pèdi ak swen medikal yo bezwen kounye a ak alavni".

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Nouyòkè k ap travay yo te mete tèt yo nan risk pandan tout pandemi sa. Li enpòtan pou Nouyòkè yo ki ekspoze ak COVID-19 nan travay resevwa avantaj ke yo bezwen, merite epi ke lalwa garanti. Nou ankouraje chak travayè ki kwè yo te ekspoze ak COVID-19 nan travay pou depoze yon reklamasyon bay Komisyon Dedomajman Travayè a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisyon an pou travay yo sou pwoblèm enpòtan sa."

Pandan sesyon sou entènèt yo vize travayè ki te pèdi tan nan travay yo, ki gen pwoblèm medikal kontinyèl ak/oswa tonbe nan kategori "transpòtè alontèm", enfòmasyon yo enpòtan pou nenpòt moun ki kwè yo te trape COVID-19 akòz yon ekspozisyon nan travay.

Enfòmasyon sou wèbinè, ansanm ak nouvo fèy enfòmasyon ak lòt resous COVID-19 pou travayè, anplwayè ak konpayi asirans disponib sou [pajwèb](#) COVID-19 dedye Komisyon an. Anplis de sa, gen enfòmasyon ak asistans ki disponib pou depoze yon reklamasyon pou COVID-19 lè w rele Komisyon Dedomajman Travayè NYS la nan (877) 632-4996.

Nou ankouraje travayè ki blese oswa malad yo pou enfòme Komisyon an si yo fè fas ak rezistans oswa obstak nan chèche enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon yo oswa si yo dekouraje pou depoze yon reklamasyon. Travayè sa yo kapab voye yon imèl nan: AdvInjWkr@wcb.ny.gov pou asistans.

###